



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/14/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK LIDÈ LEJISLATIF YO ANONSE FÒMASYON YON NOUVO KOMISYON TANPORÈ POU REVIZE KLIMA BIZNIS ETA

Komisyon an ap fè rekòmandasyon nan mwa Jen nan efò pou jwenn fason pou diminye depans pou fè biznis nan Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a, John Flanagan, ak Prezidan Asanble a Carl Heastie jodia te anonse fòmasyon yon Konsèy Règleman Tanporè sou Biznis ki chaje pou fè yon revizyon konplè sou klima biznis nan Eta New York. Konsèy la ap fè rekòmandasyon sou fason anplis pou diminye depans pou fè biznis nan eta pandan li pa p konpwomèt pwoteksyon ki anplas pou grason ak fi kap travay yo.

Konsèy sèt manm lan ap gen ladan reprezantan biznis, lidè travay ak defansè travay yo. Pami kesyon yo ke Konsèy la ap etidye gen ladan asirans chomaj, konpansasyon travayè, asirans andikap tanporè, enèji, taks ansanm avèk lòt depans ki gen rapò avèk biznis.

Konsèy la ap òganize yon seri fowòm ak reyinyon pou tande gwoup biznis, gwoup travay ansanm avèk lòt entèvenan ki enterese epi fè rekòmandasyon bay Gouvènè a, Lidè Majorite Sena ak Prezidan Asanble a nan dat 3 Jen sa kap pèmèt konsiderasyon pou rekòmnadasyon yo anvan fen sesyon lejislativ la nan 2016.

“Aksyon sa chita sou pwogrè administrasyon nou an te fè pou diminye taks epi amelyore klima ekonomik eta, pandan egalman lap asire ke yo trete travayè yo avèk ekite,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Map rete tann pou m resevwa rekòmandasyon Konsèy la e mwen remèsye manm yo paske yo te travay avèk nou pou jwenn fason pou diminye depans pou fè biznis epi devlope yon New York ki pi solid ak pi pwospè pou tout moun.”

Lidè Majorite Sena John J. Flanagan te deklare, “Pandan twò lontan, biznis Eta New York yo te fòse pou travay pi di pou reyisi oswa menm pou siviv akòz fòmalitye administratif ak depans eta egzije. Plan referans Sena Repibliken pou koupe taks epi apwouve nan bidjè eta 2016-17 se yon gwo etap nan bon direksyon an, men biznis New York yo ap kontinye sibi anpil obstak. Komisyon akselere sa ap etidye avèk swen epi rapidman klima biznis aktyèl la nan New York epi fè rekòmandasyon reyèl kap ede biznis nou yo fè konpetisyon epi kreye travay.”

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, “Nou toujou ap chèche fason pou redwi depans pou biznis nou yo pandan nap asire ke travayè yo touche yon salè ekitab epi gen benefis adekwat. Majorite Asanble a te defann pandan lontan pou lwa ak règleman ki bon pou alafwa biznis ansanm avèk travayè yo, e bidjè ki te adopte pa twò lontan de sa akonpli toulède objektif sa yo. Adopsyon Konje fanmi peye ak yon ogmantasyon salè minimòm ap benefisyè biznis nou yo ansanm avèk anplwaye yo. Konsèy sa ap fè rekòmandasyon pou bay yon apwòch balanse sou depans pou fè biznis nan eta sa pandan lap konsève ak pwoteje lwa yo ki asire yon mendèv stab.”

Konsèy Règleman Biznis la ap gen ladan manm ki annaprè yo:

Gouvènè Cuomo nome:

- Mario Cilento, Prezidan New York State AFL-CIO
- Ted Potrikus, Prezidan ak PDG, Konsèy Lavant Andetay Eta New York
- Kathryn Wylde, Prezidan ak PDG Patenarya pou Vil New York

Moun Lidè Majorite Sena Flanagan nome:

- Heather Briccetti, Prezidan ak PDG Konsèy Biznis Eta New York, Inc.
- Dean Norton, Prezidan Biwo Fèm New York

Moun Prezidan Asanble Heastie nome:

- Gary LaBarbera, Prezidan Blding ak Konstriksyon Konsèy Trades of Greater New York
- Robert Grey - Prezidan, Alyans Konpansasyon Travayè New York

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418